

This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by <u>UNESCO</u> and the <u>Council of American Overseas Research Centers (CAORC)</u> in cooperation with the <u>West African Research Association</u> and <u>Columbia University</u>.

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <a href="http://catalog.crl.edu/search~S16">http://catalog.crl.edu/search~S16</a>
- African Language Materials Archive (ALMA): <a href="http://www.dlir.org/e-books.html">http://www.dlir.org/e-books.html</a>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <a href="http://alma.matrix.msu.edu">http://alma.matrix.msu.edu</a>.





# Jëyyë yi



Xale di dimbali xale

**EDICEF** 

## Jëyyë yi

Hugh Hawes ak mbootaayu «xale di dimbale xale»

Nataali: Luge Ku (Lougué Kou)

Jàngkat bi, sama xarit,

Mbaa xam nga ne at mu jot, ay junniy xale dinañuy loru ci jëyyë? Te yu bari ci jëyyë yooyu, mënoon nañu leen cee feg:

Jëyyë yi oto yiy def, lakk-lakk, lekk ba fër, góom, damm-damm, lu dugg ci biir bakkan walla biir nopp, màtt-màtt walla jam-jam wu am daŋar, a.ñ.s.

Boo jàngee téere bii, dinga gis ne, fexe ba ràññee yiy waral jëyyë yooyu di am ci biir kër geek ci biti, am na solo. Te dinga xam ne, di sàmm liir yeek xale yu ndaw yi, war na.

Téere bii dina la won it, yow miy magu xale yi, naka ngay toppatoo say rakk.

L'Édition originale a paru en français dans la série d'EDICEF, Institut Santé et Développment, collection "L'Enfant pour l'enfant", sous le titre: Surveillons les petits: Les Accidents.

#### © 1988 EDICEF

Édition Wolof (publiée avec la permission d'EDICEF éditions classiques d'expression française, 58 rue Jean Bleuzen, 92178 Vanves Cedex France)

© 1997 Louise Maranz

La Société Internationale de Linguistique B. P. 2075 Dakar, Sénégal

Traduit du français en wolof par Pierre Boly et Momar Touré.

Imprimé sur les presses de la Société Internationale de Linguistique, Dakar, Sénégal, 1996



Mbaa jàmm ngéen am? Man, Faatu laa tudd.

Sama yaay a ngi nii, ak sama baay, ak sama rakk ju góor, am juróom benni at; ak sama rakk ju jigéen ji nekk agum liir. Sunu kër, ci wetu yoon la nekk. Daara ja sori na. Bu nu cay dem, danuy jàll xàll wu mag.

Sama yaay daf ma naan saa su nekk: «Faatu, deel tëyye sa rakk ci loxoom, bu ngeen dee dem daara ja, rawatina bu ngeen dee jàll xàll wi.»



Sama baay it dafa ma naan saa su nekk: «Faatu, deel xool bu baax, bala ngay jàll xàll wi.»

«Xoolal wenn wàll,

Xoolaal wàll wi ci des.

Xoolal ci sa ndeyjoor ak ci sa càmmoñ!»

Ci kër gi, samay waajur dañu may faral di wax ak di waxaat naan ma: «Faatu, deel sàmm sa rakk! Bul ko bàyyi, muy jege safara! Bul ko bàyyi, muy def ci gemmiñam lu koy lor! Bul koy bàyyi mukk, muy wéet! Deel toppatoo liir bi yitàam.»



Dinaay dégg ndigal, wànte léeg-léeg nag, yëf yi soof ma. May xalaat ne: «Lu tax sama rakk moom, duy demal boppam daara ja?

Lu tax may war a sàmm liir bi saa su nekk?»




Sunu dëkkandoo, Bintu la tudd. Ku am yaram la te mën a togg. Sopp nañu ko lool. Fu mu tollu nag moom di ree. Bu neexee, muy ree, bu naqaree yit, muy ree. Ba tax Soxna Kax Kax lañu ko tudde. Jëkkëram Saaku, moom it, ku am yaram la. "Sofóoru" kaar la. Xél yu rëy, lay dawale. Bu ngoonee mu wàcc, ñëw këram. Jabaram jox ko ñam yu neex yi mu ko toggal.




Moom ku fuqale la, te mën a naan "beer". Day nekk di deglu rajoom ak di ree rekk. Dafa bari ree moom it ba ñu tudde ko Sëriñ Kax Kax Kax. Bintook Saaku, ñu jaboot lañu. Am nañu doom yu góor ak yu jigéen. Seen doom ju góor, ji tudd Aali, juróom-benni at la am. Mook sama rakk ñoo maase, waaye moom, mooy yobbu boppam daara ja. Moom it fu mu tollu di ree, ni baayam. Ñu tudde ko «Sëriñ Kax bu ndaw.»



Am nañu yit liir buy raam, di raam fu nekk, di ree fu mu tollu. Nene Kax lañu ko tudde. Faral na nag, moom, di wéet, kenn du ko wottu.



Kër Soxna Kax Kax kër gu tilim lool la! Xotti pot yu xomaag yaa ngi ci suuf. Ganaar yaa ngi fépp. Poti ndaa yi, duñu leen dëpp. Weñ yaa ngi ci ñam yi. Sëriñ Kax Kax, ci suuf la yëreem yu rafet yi dëkk. Mbubbam mu rafet, Tubéyam ju rafet, Mbaxanaam mu rafet.




Soxna Kax Kax ci suuf la yëfam yépp di nekk: làmpu petarol beek butéelu petarol beek, almet jeek, paaka bi sax.



Benn bés, sama yaay ne ko: «Bul di bàyyi lii lépp ci suuf! Sab liir mën na cee loru! Mën naa dagg loxoom ak paaka bi! Mën na yit naan petarol bi ci butéel bi». Soxna Kax Kax nekk di ree. Ci weti kër ñoom Kax Kax ñax mi naat na lool! Sama baay ne Sëriñ Kax Kax Kax: «Jaan, ci ñax mu naat lañuy dëkk. Kon war ngaa bey ñax mi. Ndax kat lii wóorul».



Wànte Sëriñ Kax Kax Kax xàqataay na. Dugg na biir këram ngir naan sàngaram ak déglu rajoom. Nee naa Aali: «Bul di fo ci kow xàll wil Bari na otook kaar, yuy xélu! Kon nag wóorul.» Waaye Aali xàqataay na. Ne naa ko yit: «Sàmmal sa rakk! Mën naa dem ca taal ba di ca lakk». Aali ne ma: «Déedéet!, janq ji ñoo wara toppatoo liir yi. Man, góor laa, damay foyi». Daldi na daw dem.



Damay tiit, saa su ma nekkee di xalaat Nene Kax. Benn bés, gaañu na ci tànk. Beneen bés, sex na buteelu petarool bi nekkoon ci suuf. Yàlla baax na, nekkoon naa ca wetam. Daldi nangu butéel ba.







Beneen yoon, Aaleek magam, nekkoon nañu di fo ci biir ñax mu naat mi. Ma gis ñax miy yëngu ci seen wet. Ma daldi daw, ne leen ñu foyi feneen, fu gën a sore.



Ci ayu-bés bii weesu, Aali jàll na xàll wi, te xoolul ba xam ndax dara ñëwul. Moo tax naka la jàll rekk, oto baayam Kax Kax Kax daldi agsi, ba xaw na koo féer. Ma wax ko yaayam, waaye yaayam deful lu dul xàqataay. Loolu lépp, ñëw naa waxtaane ko ak sunu sëriñ bu jigéen. Mu ne ma: «Dëgg la. Sunu dëkk bi, bari na xale yu fiy loru. Daaw, fukki xale lakkoon nañu, lakk-lakk yu metti. Yeneen ñett, oto féer leen, yeneen ñaar jaan mat leen».



Laaj naa sunu sëriñ: «Lu nu wara def, bu xale lakkee?» Mu ne ma: «Nanu def ndox mu sedd ci lakk-lakk bi, waaye bunu ci def mukk diwlin, walla fariñ, walla suuf.»





Tey, yéex naa jóge daara ja. Guddi na sax ba noppi. Soxna Kax Kax nekk na di waxtaan ak benn dëkkandoom ci mbedd mi.

Sëriñ Kax Kax Kax nekku fi. Xetug togg gu neex, nekk di xeeñ.

Aali di fo ci wetu xàll wi. Ma ne ko: «Ana sa rakk?». Aali daldi xàqataay, ne ma: «Yow daal foo tollu bëgg di sàmm sama rakk jil» Ci lanu jekki-jekki dégg: «Aay!!». Di yuuxu gu jóge ca biir kër ga. Ganaar yi fëx tasaaroo. «Aay!!, aay!!» Ma daldi fëx. Ndax yuuxu googu Nene Kax la. Fekk naa ko ci suuf, mu nekk di jooy. Làmpu petarol bi daanu na di tàkk. Leeso gi jàpp na di lakk. Yérey Sëriñ Kax Kax Kax yu rafet yaa ngi lakk!



Ma daldi yuuxu: «Lakkee!! Wóy wolloo!! Gaawtu naa këf liir bi, jëlé ko ci tàkk-tàkk yi».




Soxna Kax Kax daw na ñëw. Ma daldi wut ndox, sotti ko ci lakk-lakki Nene Kax. Yàlla baax na, làkk-làkk yi, amuñu solo lool. Waaye, ci biir kër gi moom, lépp a ngi lakk. Yérey Sëriñ Kax Kax Kax yu rafet yeek leeso yi, yépp lakk nañu! Mujj nañu fey safara si. Waaye yérey Sëriñ Kax Kax Kax amatuñu benn njëriñ.

Sëriñ Kax Kax Kax ñëw na, ànd ak mer. Nekk naan: «Sama kaar, dafa def jëyyë! Doxatul».

Nekk na di wax, far gis ne këram it lakk na, mu daldi yuuxu:

«Wóy man sama mbubb mu rafet ma! Sama tubéy ju rafet ja! Sama ndés yaa! Lépp lakk na!! Ana sama reer?»



Ci la soog a gis Nene Kax, daldi gën a yuuxu: «Wóy sama liir bi yitam lakk na?» Soxna Kax Kax a ngiy jooy. Xolam jeex na.

Sëriñ Kax Kax Kax mer na lool. Daldi ne ko: «Saa su nekk, ma daan la digal ngir ngay fat bagaas yi! Waaye yow nga di leen wocc ñuy tasaaroo ci suuf!»

Soxna Kax Kax yuuxu ko moom it ne ko: «Yàgg naa laa wax ngir nga defaral ma "taseer", ma ciy teg làmp bi, buteelu petarol beek almet ji. Te mësuloo koo def. Foo tollu di xaqataay te doo def dara!»



Sama yaay ne leen: «Bàyyileen xulóo bi! Yàlla baax na lakk-lakki liir bi amuñu solo lool. Mën ngeen jënd it yeneen yére. Lekk moom, dinaa leen ko jox. Yaakaar naa ne leegi nag, di ngeen gën a moytu, ba jëyyë doot fi am.»



Soxna Kax Kax ree ne ko: «Wax nga dëgg». Léegi kay, dinañu moytu te Saaku dina defar ab taseer bu subaa».

Aali yit ree na daldi ne: «Faatu! Leegi kay man it, dinaa sàmm sama rakk ji. Góor it, war naa mën a sàmm ab liir!»


Bi jàmm dellusee. Sëriñ Kax Kax Kax a ngi ree. Sol na mbubbam mu lakk ak baxanaam mu rëy. Daldi ne jabaram: «Jox ma ma lekk, te jox ma yit sàngara ma naan. Sàllaaw dinaa bey ñax mu naat mi».



#### Fàttalikul

- 1. Xàmmel béréb yu mbàmb yi.
- 2. Sàmmal say rakk.
- Dencal yëf yuy loore yeek garab yi fu leen liir yeek xale yi mënula jote.
- 4. Bul di bàyyi jumtukaay yu ñaw yi ñuy tàmbaambaalu.
- 5. Beyal ñax mu naat mi.
- 6. Bul bàyyi xale yu ndaw yi jege:
  - xàll wi
  - taal beek cin li.
  - béréb yuy lore

#### Fukki yëf yi mën a def jëyyë, ci biir këru ñoom Kax Kax



Xoolal bu baax nataal bi di wone kër ñoom Kax Kax. Woneel fukki yëf yu wóorul yi mën a indi jëyyë.


Yaak say xarit defleen po mii. Ku leen njëkk a wone jël ndam li. (Tontu yaa ngi ñu juutal, ci suufu xët mi.)

Tontu yi:

li génn lool.

Siis bi, am na tànk bu damm. 2. Taal bi, aaruñu ko. 3. Ganaar yi.
 Làmpu petarol bi ci suuf. 5. Paaka bi ci suuf. 6. Butéelu petarol bi ci suuf.
 Nijag lu réy li ci kow taseer bi, dina daanu. 8. Almet ji ci suuf.
 Bantu bunt bi max yi lekk. 10. Kastiloor bu tàng bi ci taabal ji te njappu.

#### Fukki yëf yi mën a def jëyyë, ci biti kër ñoom Kax Kax



Xoolal nataal bii bu baax di wone biti kër ñoom Kax Kax. Woneleen fukki yëf yu wóorul, yi mën a def jëyyë. Yaak say xarit, def leen po mi. Ku leen njëkk a wone jël ndam li.

(Tontu yaa ngi ñu juutal ci suuf.)

Tontu yi:

Bànqaasu garab, bi damm. 2. Déeg bi ñu aarul. 3. Pont yi ci jén bi.
 Ñax mu naat meek jaan yi. 5. Oto biy xélu ci kow xàll wi. 6. Seel bu damm bi wéere ci tabax bi. 7. Bantu bunt bi max yi lekk. 8. Tojiiti kaas yi ci suuf. 9. Xottu oto bi. 10. Néegu julli-kaata bi.

### Yeneen yëngatu yu mbooloo di def

- Xàmmeel béreb yu wóorul yi ci sa biir kër ak ci biteem ak ya ca daara ja.
- Nataalal sa kër walla seen daara ja, te def ay rëdd ci béréb yu wóorul yi.
- Nataalal xibaaru jëyyë ji dal Nene Kax:
  - Sëriñ ak Soxna Kax Kax. Aaleek Nene Kax.
  - Këru Soxna Kax Kax.
  - Liir biy jege làmpu petarol bi.
  - 4. Lakk gi.
  - Sëriñ Kax Kax Kax di bey ñax mu naat mi.
- Nataalal xibaaru beneen jëyyë.
- Tabaxal ab néeg ak ban ak ñax. Te wonel béreb yu wóorul yi.
- Defal tiyaatar bu àndul ak wax, ci jëyyë ji dal Nene Kax.
  Na yeneen xale yi wax li nga def.
- Wonel benn buumu tiyaatar buy wone ni nu mënee moytu jëyë yi.
- Nettalil walla nga j\u00e4ngal t\u00e9ere bi say rakk ak say xarit.